

Yon prensip pwodiktivite

Seryezite (Moun serye)



“Bondye pran plezi nan moun ki kenbe pwomès yo, men li pa sèvi ak moun ki pa serye.” Pwovèb 12:22

By John E. Schrock

Souliyen konsèp kle w jwenn nan prensip sa a.

Vi nou ak biznis nou bati sou bagay ki estab epi fyab. Nou depann de lwa fizik estab—tankou lwa gravite ak « taymin » sistèm solè a. Lwa sa yo fiks, epi nou gendwa planifye vi nou otou yo. Nou depann tou de ekipman ak teknoloji lòm fabrike. Yo ranplase ekipman ak sistèm ki pa fyab. Sa aplike pou noumenm tou kòm endividi: Si nou pa serye oswa ponktyèl yo va ranplase nou ak yon lòt moun ki serye. Biznis-menn ki genyen siksè òdinèman genyen repitasyon:

1. Moun ki ponktyèl epi ki itilize tan yo byen.
2. Kenbe pawòl yo, epi atann lòt moun fè menmjan ak yo.
3. Yo estab epi previzib.

Yo rele sa moun serye.

Pou yon biznis-menn, dirije resous se yon bagay kle pou fè pwofi. Nou konnen nou bezwen resous natirèl ak resous ekonomik, men tou li trèzenpòtan pou nou rekonèt valè moun ananm ak ponktyalite yo kòm resous. Pou nou kapab fè sa, nou dwe toudabò rekonèt tan kòm yon resous valab. Nou t a dwe konsidere tan kòm youn nan komodite ki pi valab yo te janm bay lèzòm. Ou pa kapab fè anyen san li. Lè w pèdi yon minit, ou pèdi l nèt. Lè nou ponktyèl, sa montre nou bay tan nou valè ananm ak tan pa lòt moun.

Sa kreye valè nan nou menm paske lèzòm va konsidere nou responsab, dekonfyans epi serye.

Youn nan feblès karaktè ki pi vizib se lè nou pa kabap rive yon kote alè, ousinon pa parèt ditou. Rive anreta oswa pa ponktyèl koute chè paske li afekte repitasyon nou. Yo vin rekonèt nou kòm moun ki toujou anreta epi ki pa serye. Nou kapab toujou fè yon jan pou nou jwenn yon ekskiz, nou kapab menm bay manti pou kouvri tèt nou, sa va ajoute sou feblès nou. Gen lòt moun ki pran pretèks kilti yo men sa pa bayo rezon non pli. Si nou pa pran presponsabilite pou pwòp lèzòm va trete nou menmjan, epi yon tan byen valab va pèdi nan youn rete tann lòt. Rive anreta se yon abitud—yon move abitud. Nou pa kapab debarase n de move abitud sa si nou pa wè kijan li fè nou mal. Genyen demoun ki jistifye reta yo ak pretèks yo okipe, men si nou anreta nan travay, anreta nan livrezon epi anreta nan randevou, yon jou nou p ap genyen ni djou ni

livrezon ni randevou.

Pinga pran randevou si w konnen w p a prale alè.

Si nou elimine feblès sa a, nou vin genyen yon kalitevalab ki va fè moun fè nou konfyans. Yo va di, “Se yon moun responsab ki kenbe pawòl li. Li serye epi liprivizib. Moun kapab konte sou li.”

Seryozite se yon trè karaktè ki pote anpil lòt kalite ak li. Bondye pran plezi nan noumenm lè nou kenbe pwomès nou, menmjan an tou lèzòm va pran plezi nan noumenm. Pwochenn fwa w prale nan yon reyinyon, gade ki nòt w ap bay tèt ou nan ponktyalite sou yon nechèl de 1 a 10. Sa kapab etone w men se konsa lèzòm te toujou remake l.

Prensip sa a se yon pati pwogram yon lane deolòpman karaktè:

Fondasyon pou Siksè.

Panse pou medite:

Moun ki serye se tankou solèy. Li la menm lè tanpèt la fin dechennen.

Evalue tèt ou de 1 a 10	1	2	3	4	5	6	7	8	9	10
Poukisa w bay tèt ou nòt sa a?										
Ki avantaj ou kapab jwenn lè w ogmante nòt ou?										
Ki aksyon espesifik ou kapab fè pou verifike avantaj prensip sa a?										
Lis verifikasyon lekti w fè toulejou sou prensip sa a.	M	T	W	T	F	S	S			

Komplete

Pa komplete